



# New Jersey Courts

Independence • Integrity • Fairness • Quality Service

## KISA POU ATANN LÈ W AP VIZITE YON TRIBINAL

Pou asire sekirite tout moun, tout moun kap vizite tribinal la, enkli manm jiri, pledè yo, avoka yo, anplwaye yo, vandè yo, ak tout lòt vizitè yo, fèt pou soumèt a kontwòl sekirite lè yap rantre. Tanpri bay tèt ou sifizaman tan pou pase pa sistem sekirite tribinal la.



### LÈ W AP RANTRE NAN TRIBUNAL LA

Kontwòl sekirite ap fèt pa yon ajan fòsdelòd oswa yon gad sekirite.

W pral pase atravè yon aparèy deteksyon metal.

Tout zafè pèsònèl ou yo ap pase pa yon aparèy reyon X.

Yap anpeche w rantre si w genyen atik entèdi nan posesyon ou.

Tout atik ilegal ap konfiske epi soumèt a pouswit devan leta.

Yo kab entèdi manje ak bwason. Tchyeke tribinal lokal w an.

Ou fèt pou swiv tout enstriksyon ofisye a bay pandan yap fè kontwòl la.



### ATIK ENTÈDI

**Nenpòt tip zam**

**Zamafe**

Tout kouto, kelkeswa longè lam la.

Bagay ki file, sizo, oswa nenpòt ki tip zouti pou koupe

Flit pou flite oswa resipyan yo.

Flit ak gaz pwè

Sigarèt elektwonik oswa atik ki ta sanble l.

Aparèy Odyo-vizyèl, enkli kamera, amwens ke w ta gen otorizasyon alekri depi davans nan men tribinal la.

Pa gen depo disponib; tribinal la pakab kenbe atik pèsònèl kiksésa.



SIKONSTANS



INTERPRETER

### ESPESYAL

Yo pèmèt telefòn selilè ak izaj limite.

Si w ta bezwen èd espesyal, kankou entèprèt oswa aranjman ADA, kontakte tribinal la anvan dat randevou w a.

Si w gen yon ti bèt pou ede w, lap bije soumèt a kontwòl sekirite a tou. Kontakte tribinal la anvan dat randevou w an pou enfòmasyon adisyonèl.

Si w gen yon estimilatè kadyak oswa lòt kondisyon sante ki ta anpeche w pase atravè detektè metal la, yo kab mande w pou prezante dokimantasyon apwopriye a. Yap soumèt w a yon kontwòl altènatif kankou foy.

REMAK: YAP ENTÈDI TOUT ENDIVIDI KI TA REFIZE SOUMÈT YO A KONTWÒL SEKIRITE AKSÈ A TRIBINAL LA.